

SARIPATI

Syafa Arsyil Trinuria. *Kajian Folklor Tradisi Kuncungan di Desa Penungkulan, Kecamatan Gebang, Kabupaten Purworejo.* Skripsi. Pendidikan Bahasa dan Sastra Jawa Fakultas Ilmu Keguruan dan Ilmu Pendidikan Universitas Muhammadiyah Purworejo.

Panaliten menika nggadahi ancas kangge: (1) ngandharaken prosesi tradisi *kuncungan* wonten ing Dhusun Penungkulan, Kecamatan Gebang, Kabupaten Purworejo, (2) ngandharaken makna simbolis *ubarampe* ingkang dipunginakaken salebeting tradisi *kuncungan* wonten ing Dhusun Penungkulan, Kecamatan Gebang, Kabupaten Purworejo, (3) ngandharaken pandangan masyarakat kalian lampahaning tradisi *kuncungan* wonten ing Dhusun Penungkulan, Kecamatan Gebang, Kabupaten Purworejo.

Teknik pangempalan data ingkang dipunginakaken inggih menika: (1) observasi partisipan, inggih menika penaliti nderek andil lebet lampahaning tradisi *kuncungan*, (2) wawancara ingkang dipuntindakaken inggih menika wawancara mboten terstruktur ingkang dipuntindakaken sesarengan kalian rekam lan serat, lan (3) dokumentasi. Teknik pamriksan keabsahan data ingkang dipunginakaken inggih menika triangulasi sumber. Teknik analisis data ingkang dipunginakaken inggih menika: (1) reduksi data, (2) penyajian data, (3) penarikan kesimpulan.

Asil panaliten menika (1) prosesi tradisi *kuncungan* inggih menika perangan pra lampahan (a) milih dinten, (b) ngaturi tamu atur-aturan, (c) nyamektakake *ubarampe* lan perangan lampahaning kadosta: (a) ngempalaken tamu atur-aturan, (b) bebikak, (c) waosan sholat lan pemotongan rambut *kuncung*, (d) waosan doa, (e) *dhaharan*, (f) ngaturaken *berkatan* utawi *walimahan*, (2) *ubarampe* ingkang dipunginakaken ngliputi: (a) mangkok, sekar, sesupe, (b) *ingkung*, (c) *tumpeng robyong*, (d) *giling lima pancer*, (e) *jajan rakan*, (f) *jenang abrit*, *jenang pethak*, lan rujak degan, (3) pandangan masyarakat kalian wontenipun tradisi *kuncungan* rupinipun masyarakat ingkang taksih nglestantunaken lan ingkang sampun wiwit nilaraken tradisi *kuncungan*.

Tembung wos: *folklor, tradisi, kuncungan.*